Илъэс 25-кIэ е нэхъыбэкIэ зэдэпсэуа зэщхьэгъусэ зыбжанэ кърагъэблагъат махуэшхуэм хуэхаша пшыхьым. А хьэщIэ лъапIэхэм: Ташлы-Тала къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Цакоевхэ Тlэхьирэ Роззэрэ, анэорейдэсхэу Табыхьэу Аслъэнбийрэ Люсенэрэ, Арщыдан жылэм щыпсэухэу Батухэ Нэжмудинрэ Людмилэрэ, Лэскэн Ипщэм къикIахэу Мысачэхэ Мухьэмэдрэ Риммэрэ - захуигъэзащ Лэскэн щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ жылагъуэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI **Зыхьэ Маритэ**. Район администрацэм и Iэтащхьэ Афlэунэ Аслъэн къыбгъэдэкI хъуэхъу псалъэ гуапэхэр зэщхьэгъусэхэм яжриIэжа нэужь, Маритэ абыхэм яритащ махуэшхуэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр: «Лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ папщIэ» медалхэр. Апхуэдэу зэщхьэгъусэхэм фIыщIэ тхылъхэр къахуигъэхьащ КъБР-м и Парламентым и нэIэм щIэту лажьэ Щlалэгъуалэ палатэм хэт Мэкъей Альбинэ.

КъыхуащIа гулъытэр фIыщIэ ин ящIащ зэщхьэгъусэхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ я унагъуэ быдэхэм икIи насыпыфIахэм илъ хабзэмрэ пщIэмрэ. Адэанэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм жылагъуэм щалэ апхуэдэ пщIэ лъагэм щыгуфIыкIащ абыхэм я бынхэри, я къуэрылъху-пхъурылъхуэхэри. Пшыхьыр ихуащ адыгэ джэгу дахэкIэ.

Апхуэдэ зэхыхьэхэм иджыри зэ гу лъыуагъатэ унагъуэмрэ абы исхэм я зэхущытыкIэ дахэмрэ гъащIэм щынэхьыщхьэхэм зэращыщым. Дэри дохъуэхъу «унагъуэ духуэнц» жаIэу зэбгъэдэуба зэщхьэгъусэ псоми. УГъурлы тхурехъу а махуэшхуэм и нэщэнэу къалъытэ удз гъагъэ щIыкIури - шынэ-шынэ дахэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Зыри тщыгъупщакъым

Япэ тхыгъэхэр

1941 гъэ. мэкъуауэгъуэм и 22... Ди къэралышхуэм и цIыху псоми шэуэ къатехуат а псалъэхэр. СССР-м и гъунапкъэхэр къызэпаупщIат Iэщэ-фащэкIэ зэщIэуэзда германыдзэхэм.

А ФЭЕПЛЪ махуэм ирихьэлIэу Курп Ипщэ къуажэм щыгъуэ пэкIу щызэхэтащ. Курп лъагапIэхэм деж щекIуэкIа зауэ гуаущIэхэм ди сэлэт куэд уIэгъэ щыхъуауэ щытащ, мащIэкъым зи псэ щызытахэри. Сыт хуэдиз къару хамылъхьами, нэмыцхэм Курп лъагапIэхэр къащтэн яхуэзфIэкIакъым. Грознэ, Баку и щIыдагъэхэм ахэр лъагъэIэсакъым. «Зы лъэбакъуэкIи къимыкIуэтын!» унафэ ткIийр совет сэлэтхэм щагъэзэщIащ Курп лъагапIэхэм.

Пэкlум кърихьэлIат ДОСААФ-м и къудамэу Тэрч куейм щыIэм и гъэсэнхэр, волонтёрхэр, Курп Ипщэ къуажэ курыт школым и еджакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, музейм и лэжьакIуэхэр.

Курп лъагапIэхэм и деж щыхэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр траль хьащ. Абдеж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм тепсэлъыхьащ къекIуэлIахэр. Курп Ипщэ къуажэм и ветеранхэм я советым и унафэщI Ащхъуэт Хьэутий зэрыжиIамкIэ, абдеж щызэуахэм яхэтащ иужькIэ къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщащхэр. Пэкlум щыщыпсэльащ полковник, Тэрч щIыналъэм и ветеранхэм я советым и унафэщI Урым Лиуан, «Сэлэтхэм я анэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыпIэ кудамэм и пашэ Хьэлышъ Розэ, егъэджакIуэ КIыщ Эммэ, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэ зэIущIэхэм икъукIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ щIалэгъуалэр гъэсэныжьмкIэ, мамырыгъэр хъумэным ди къэралым и цIыхухэм я кърурэ лIыгъэу ирахьэлIар зыхащIэнымкIэ, зауэм хэтахэм я фэеплъыр хъумэныжьмкIэ, абы хуэфащэу щытыныжьмкIэ.

ТIЫМЫЖЬ Лацэ,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым и студенткэ.

● ТекIуэныгъэ-70

Унэрэджыакlуэ Къущхьэ Светланэ Къызбрун Етlуанэ (иджы Испъэмей) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, Налшык щалъ дэт Культпросветучилищэм театрымрэ хорымкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. 1976 гъэм Бахъсэн къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм хорымкIэ методисту лэжьэн щыщIидзащ.

Уэрэд жыIэным къыхуигъэщIа

МЫ ЗЭМАНЫМ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт школым уэрэд жыIэным щыхурегъаджэ Светланэ. КьищынэмыщIауэ, Бахъсэн щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэми илъэс зыбжанэ хъуауэ щолажьэ.

Къущхьэ Светланэ гуки псэкIи уэрэд жыIэным дихьэхат, зэрыцIыкIурэ зыщIэхъуэпсыр цIыхухэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ етыныри, а Iэщlагъэр къыхихащ. Уэрэдыжьхэри романсхэри гъэзэщIэныр абы зэхуэдэу фIыуэ къохъулIэ. Ар зэпеуэ, фестиваль зэмылIэужьыгъуэхэм хэтащ, мызэ-мытIуэ япэ увыпIэхэр къыщихьу, саугъэтхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ къыщыхуагъэфащэу. Ноби и макъ дахэм, и уэрэд жыIэкIэм куэд дехьэх. Светланэ жыджэру хэтщ Бахъсэн щIыналъэм щекIуэкI концертхэм, зэIущIэхэм.

Къущхьэ Светланэ и еджакIуэхэм япэ увыпIэхэр къыщахь зэпеуэ куэдым. Къэбгъэлъагъуэмэ, и гъэсэнхэм ящыщ Бакъ Беллэ «Бо-нами» дунейпсо зэпеуэм къыщыхэжаныкIащ.

БЖЭНЫКIЭ Залинэ,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и студенткэ.

И гъащIэр и лъахэм епхащ

● Щапхъэ

Сэ фэзгъэщIыхуну сыхуейщ Къэсейхьэблэ къуажэм дэсхэм пщIэ зыхуащI, си адэ къуэш Мамыкlэ Руслан. Ар хьэрычэтыщIэщ, щIыр бэдэжэду къэзыщтэу абы елэжьхэм ящыщщ. Чэнджэщкlи, лэжьыгъэ Iуэхукlи, лъэIукlи абы убгъэдыхьауэ «хьэуэ» псалъэр зыхэпхыныкъым. ЦIыху жумартщ си адэ къуэшыр. Гъавэр къурихьэлIэжа нэужь, нэхъ хуэмыщIахэм я Iыхьэ абы химыгъэкIыу зэи къигъанэркъым. Апхуэдэущ ар зэрагъэсар си адэшхуэ-анэшхуэхэу Сулътlанрэ Мэржанрэ.

А НЭХЪЫЖЬЫфIХЭМ я бынхэр я гуащIэкIэ, зэфIэкIкIэ жылэ псом къыщацIыхуащ. Езыхэм я гъащIэрэ быным щапхъэ яхуэхъужар. Си адэшхуэ Сулътlан псэуху и лэжьыгъэ Iыхьэр хьэлэлу зыгъэзэщIа, и къуажэгъуэхэр зыхуэзарэзу цIыху щыпкъу щытащ. Ар къуажэм я электрикIуу, иужь илъэсхэм щхьэлтету лажьащ. Си анэшхуэ Мэржан къыщалъхуар Кубащ, ар МацIыхъухэ япхъут. Езыр сабийуэ си адэ-анэр дунейм ехыжа Мэржан и бынихьм ятегужьеикIауэ и гъащIэр ихьащ.

Сулътlанрэ Мэржанрэ я бынхэм я нэхъыщIэ Руслан 1956 гъэм кьалъхуащ. Ар зэрысабийрэ ерыщу, мурад ищIар зригъэхъулIэным хущIэкъуу къекIуэкIащ. ЩIалэ цIыкIур фIыуэ еджэм и мызакъуэу, спортми икъукIэ дихьэхырт икIи абы зэфIэкI хъарзынэхэр къыщигъэлъагъэрт. Псом хуэмыдэжу абы кьехъулIэрт бэнэкIэ хуитыр. Руслан и егъэджакIуэхэу ЛыМахуэ Гъумарбийрэ Тхьэгъэпсо Къэралбийрэ абы гу лъатэри, щIалэ цIыкIур нэхъри трагъэгуфIыкIуэ хуежьащ. Ауэ и адэ Сулътlан фIэфIтэкъым и щIалэр бэнэным зэрыдихьэкар - ар еджэным зэран хуэхъункIэ ышIэну къыщIэкIынут. А хьэбарыр зи деж нэса Тьумарэ Къэралбийрэ МамыкIэ Сулътlан деж кIуэри, щIалэ цIыкIум пэрымыуэну елъэIуащ. Къуажэм пщIэ щызэIэ егъэджакIуитIым апхуэдэу щыжаIэм, Сулътlани и фIэщ хъуащ спортыр и къуэм зэран къыхуэмыхьуну икIи афIэкIа пэрыуэжакъым.

- Курыт еджапIэр къызэрызухыу, си тхылъхэр университетым естат, сыщIэтIысхьэн си гугъэу, - жеIэ Руслан. - Ар кьыщIэзмыхъулIэм, Налшык дэт ПТУ №2-м сыщIэтIысхьащ. Илъэсыр пщIэншэу згъэкIуэду уэрамым сыдэмытыну сыщIэтIысхьауэ арат, ауэ сызыхэхуа гупым сыдахэзыбжанэ. Абыхэм ящыщщ спортымрэ физкультурэмрэ епхаэр, сабийхэр лъэпкъ щэнхабзэм дегъэхьэныным, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэущиныр хущIэхэр, нэгъуэщIхэри, - жеIэ Аидэ. - Дэдыхуейщ прогимназиер сабийхэм я унэ етIуанэу кьалъытэу, нэжэгужэу абы кьекIуалIэу тлъагъуну.

Прогимназиер efIэкIуэныжьмкIэ Джэрыджэм сэбэпышхуэ хьыхуохьу и дэIэпыкъуэгъуху, и къуэдзэхэу Лъостэн Светланэрэ Тэтэркъан Аринэрэ. Зэдэуэу зы кьалэныжьхуэм къарур хуэзыгунэтI гупым жылагъуэмэ щIыщIэщ.

ЕплIанэ прогимназиер и унафэщI щыпкъэми абы щылажьэ IэщlагъэлI псоми фIыщIэ ин яхудощI, жьлэм кьыдэхъуэ щIэблэм я зыужьыныгъэм хьэлэлу зэреплIанэм папщIэ. Ущыныгъэр фи куэду, фи гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэм фи гукъыдэжкIэ кьалэту иджыри ильэс куэдкIэ Тхьэм фигъэлажьэ.

БЖЭНЫКIЭ Регинэ.
Бахъсэн къалэ

Зэманым декIу унафэщI

● ФIыщIэ

Джэрыджэ Аидэ

ЩIэблэр гъэсэным, щIэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ Iуэхушхуэ щызэфIагъэкI Бахъсэн къалэм дэт еплIанэ прогимназием. Ар республикэм и еджапIэ нэхъыфI дыдэхэм хабжэ. Илъэс 15-м нэсауэ абы и унафэщIу щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэлъакlуэ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Джэрыджэ Аидэ.

ЖЭУАПЛЪЫНЫГЪЭ ин пылъу и къалэнхэр зыгъэзащIэ цIыхубз щыпкъэм, унафэщI Iэзэм и Iуэху зехьэкIэр щапхъэ яхуохьу и нэIэм щIэт гупмэ. «Псалъэр мащIэрэ Iуэхур нэхъыбэу» кьыхуеджэныгъэм щIэту мэлажьэ программизиер. Сабийхэр щеджэ классхэр, щыджэгу пэшхэр сыткIи зэпэщIу. Абыхэм щIэтщ телевизорхэр, DVD-хэр, мультимедийнэ проекторхэр, компьютерхэр, еджэным, акъылым зиужьыным хуэгъэпса нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр.

- ЩIэблэм щIэныгъэфI егъэгъуэтыным дызэрелIалIэм къыдэкIуэу, дэ дыхущIокъу сабийхэм я узынщагъэр нэхъри ефIэкIуэным, абыхэм я зэзэщIыкIым зиужьыным. А унэтIныгъэхэм ехьэлIауэ ди прогимназием щолажьэ гупжьей зыужьыным. Абыхэм ящыщщ спортымрэ физкультурэмрэ епхаэр, сабийхэр лъэпкъ щэнхабзэм дегъэхьэныным, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэущиныр хущIэхэр, нэгъуэщIхэри, - жеIэ Аидэ. - Дэдыхуейщ прогимназиер сабийхэм я унэ етIуанэу кьалъытэу, нэжэгужэу абы кьекIуалIэу тлъагъуну.

Прогимназиер efIэкIуэныжьмкIэ Джэрыджэм сэбэпышхуэ хьыхуохьу и дэIэпыкъуэгъуху, и къуэдзэхэу Лъостэн Светланэрэ Тэтэркъан Аринэрэ. Зэдэуэу зы кьалэныжьхуэм къарур хуэзыгунэтI гупым жылагъуэмэ щIыщIэщ.

ЕплIанэ прогимназиер и унафэщI щыпкъэми абы щылажьэ IэщlагъэлI псоми фIыщIэ ин яхудощI, жьлэм кьыдэхъуэ щIэблэм я зыужьыныгъэм хьэлэлу зэреплIанэм папщIэ. Ущыныгъэр фи куэду, фи гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэм фи гукъыдэжкIэ кьалэту иджыри илъэс куэдкIэ Тхьэм фигъэлажьэ.

БЖЭНЫКIЭ Регинэ.
Бахъсэн къалэ

ТхылъхэмкIэ зэдогуашэ

● Тыгъэ

Хабзэ хъуащи, ди республикэм и курыт школхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ кьыщызэрагъэпэщ «Школым тхылъ тыгъэ хуэщI» псапащIэ акцэр. Апхуэдэ Iуэхугъуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Бахъсэн щIыналъэм.

РАЙОН администрацэм и пресс-Iэнатlэм и унафэщI Чылар Аринэ хэтыбар кьыззэрыдигъэщIамкIэ, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ управленэм и жэрдэмкIэ екIуэкIа а акцэм ипкъ иткIэ щколхэм тыгъэ хуащIащ зэреджэ тхылъ 11694-рэ. 2015 - 2016 гъэ еджэгъуэщIэм щIимыдзэж щыкIэ, ахэр иратынущ бынунагъэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм кьахэкIа школакIуэхэм.

Апхуэдэ Iуэху щхьэпэр езыр-езыру зэфIэкIакъым. ЕгъэджакIуэхэм адэанэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ япэщIыкIэ драгъэкIуэкIащ псапэ зыпылъ а Iуэхум ехьэлIа псалъэмакъ хэха. КьинэмыщIауэ, курыт школхэм я сайтхэми хъыбар ираль хащ, «Школым тхылъ тыгъэ хуэщI» акцэм хэтыну псори кьыхурадджэу.

ЕгъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ управленэм фIыщIэ ин яхуещI псапащIэ Iуэхум жыджэру хэта дэтхэнэми. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм щIэблэр зэхащIыкI яIэу, тхылъым пщIэ хуащIу, хуэсакъыу зэрахьэу егъасэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Уэрэд ящыгъуэ

Уэрэджэ Iэмэпсымэ ящыгъуэ Iуэхуфащэ Iэмэпсымэ ящыгъуэ Iуэхуфащэ. Ноби и макъ дахэм, и уэрэд жыIэкIэм куэд дехьэх. Светланэ жыджэру хэтщ Бахъсэн щIыналъэм щекIуэкI концертхэм, зэIущIэхэм.

Къущхьэ Светланэ и еджакIуэхэм япэ увыпIэхэр къыщахь зэпеуэ куэдым. Къэбгъэлъагъуэмэ, и гъэсэнхэм ящыщ Бакъ Беллэ «Бо-нами» дунейпсо зэпеуэм къыщыхэжаныкIащ.

БЖЭНЫКIЭ Залинэ,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и студенткэ.

● Дэ къытхуатх

Нэхъыжь зиIэм насып иIэщ

Нэхъыжьыф1 уи унагъуэ исын нэхърэ нэхъ насып сыт щыIэ? Абыхэм унагъуэм зэгурыIуэныгъэ, пщIэ, нэмыс къраль хьэ. Унагъуэм исхэм абыхэм щапхъэ трах, я жыIэм щIэтурэ бынхэри пэжыгъэм, дахагъэм хуагъасэ.

АПХУЭДЭ унагъуэ насыпыфIэхэм дащыщу къызолъытэ сэри. Дэ нэхъыжьыфIу, чэнджэщэгъу пэжу диIэщ ди анэшхуэр. Унагъуэм иц дэтхэнэми абы и гулъытэрэ гуапэгъэрэ ялъагъэIэсыф.

Ар 1942 гъэм Къэсейхьэблэ къуажэм дэс Зэгъэщтокъуэхэ я унагъуэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Хьэжбэчыр зауэм хэкIуэдащ. Зауэ лъэхъэнэм зи сабиигъуэр хиубыда псоми хуэдэу, гугъу ехьу къэхъуащ си анэшхуэр. БалигъыпIэм иувэри, Тыжьей къуажэ дэс Къардэнхэ ныса яхуэхъуащ, ди адэ МуIэедрэ, ипхъухэу Мадинэрэ Аринэрэ абы щигъуэтащ. Си анэшхуэм гъащIэм гугъуехь куэд щилъэгъуащ, ауэ абы хуэфIэкIащ а лъэпощхьэпо псори къызэринэкIыу и бынхэр гъэзгу захуэ тригъэувэн. Илъэс 13-кIэ къуажэ школым щылэжьа бзылъхугъэм и IэщIагъэр фIыуэ ильагъуу, цIыхухэми пщIэ къыхуащIу и IэнатIэр ирихьэжIащ.

Си анэшхуэмрэ адэшхуэмрэ щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд ялъэгъуащ. Бынхэм я бынжьу 10 къахэхъуауэ ялъэгъуати, я бынхэр зыщIапIыкIа хабзэ дахэм, пэжыгъэм, захуагъэм хуагъэсащ. Ди унагъуэм зэгурыIуэныгъэ, пэжныгъэ ильэс. Ахэр псори зи фIыщIэр ди нэхъыжьыфIхэращ.

Зэманыр и пIэ иткъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди адэшхуэр дунейм ехыжащ. Си анэшхуэм я гуауэр куууэ зыхищIащ, ауэ и бынхэмрэ абыхэм ящыщIэхъуэжа щIэблэмрэ кърат кьарум, дэрэжэгъуэм и фIыгъкIэ, нобэми къыддохуэгурыкIуэ. Иджы абы и бынхэм я быныжьым я щIэблэ 13 ильэгъуащ. Мы дунейм абы нэхърэ нэхъ гуфIэгъуэшхуэ, нэхъ насып сыт щыIэ!

Сыхуейщ ди анэшхуэм дэрэжэгъуэ и куэду, зыщIыпIэ, гукъеуэншэу ильэс куэдкIэ къытщыхьэщытыну.

КЪАРДЭН Ксение,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и 3-нэ курсым щIэс.

● Туризм

Я къэкIуэнум фIыкIэ щогугъ

Израильым щыIэ Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ къуажэхэм щыпсэухэм я гукъыдэжым зыкъызыгъэIэт, я щхьэр лъагэу езыгъэлъагъуж Іуэхугъуэхэм ящыщщ заплъыхьыну къахуэкIуэхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъумрэ абы къыхэкIыуи къэралым и турист Іэнатіэм къыхуащI гулъытэм зэрыхэхъуамрэ.

ЦIыхухэм зэхэзекIуэну хуитыныгъэ нэхъыбэ яIэ зэрыхъуар, лъэпкъ цIыкIуэхэм я зэхэщIыкIым зэрызиужьыр, абыхэм я щэнхабзэмрэ я тхыдэмрэ зыхэзыгъэгъуэзэну хуейхэр куэду зэрыщыIэр мы къуажэхэм дэсхэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, къалъытэри, «этнотуризм» хьэрычэт Іуэху гъэпсыкIэм иужьрей зэманым хуабжьу зратащ. Абыхэм я къуажэхэм къыщыззэрагъэпэщ пшыхьхэм туристхэм я нэгу зыщгаръужь, адыгэхэм я щэнхабзэмрэ я тхыдэмрэ къызыхэщ теплъэгъуэхэр щагъэлъагъуэ, а псоми къадэкIуэу, ахъшэ хъарзыни кьалэжь.

Мы къуажэхэм кIуэ пэтми нэхъыбэ щохъу лъахэджлъахэхутэ музейхэр, лъэпкъ щхьныгъуэхэр щапщэфI шхапIэхэр, цIыхум зэрыхуэупсэ хьэпшып цIыкIуфэкIуэхэр щащэ тыкуэнхэр, хьэщIэщ мыинхэр. Псом хуэмыдэжу, къахуэкIуэхэр нэхъ дзэзыхьхыр езыхэр зыхаIшэ, концертым ещхьу къызэрагъэпэщ нэгузыжь теплъэгъуэхэрщ.

- Адыгэ жылэхэм турист нэхъыбэ къызэретшэлIэным яужь дитщ, - жеIэ зэгъунэгъу къуажитIым этнотуризмэм зыщегъэужьныныкIэ жэрдэмщIакIуэ нэхъ пажэхэм ящыщ, Рихьэние дэс Хьун Шэужьуий, - Іуэху зехьэкIэщIэм ди цIыхухэм я псэукIэр зэрыригъэфIэкIуэнум, езы къуажэхэми зэрызригъэужьныным шэч кьытетхьэркъым. Лэжьыгъэр тэмэму зэтедублэмэ, къэралым и турист екIуэлIапIэ нэхъыфIхэми дапеуэфыну ди гугъэщ.

Израильым щыпсэу адыгэхэр щэнхабзэм ехьэлIауэ жылагъуэм къыщаIэт зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ зэрыхэтрэ куэд щIащ. Къалащхьэм иджыблагъэ щекIуэкIа «Тель-Авив туризм Экспо» къэрал зэхуакуэ гъэлъэгъуэныгъэм Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ къуажэхэм туризмэм ехьэлIа я продукцэр щыпхагъэкIащ. А Іуэхугъуэм кърихьлIахэм, псом хуэмыдэжу экскурсионнэ фирмэхэм я унафэщIхэмрэ я лIыкIуэхэмрэ, икъукIэ щIэщыгъуэ ящыхъуащ «Іуащхьэмахуэ» къэфакIуэ гуп цIэрыIуэм и зыкъэгъэлъэгъуэкIэр. Лъэпкъ фащэхэр къызыщылыдыкI щIалэхэмрэ пащащхэмрэ къызэхуэсахэм адыгэ джэгу хуэзхашащ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр Іуагъэхуащ.

Тель-Авив щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм щызэхаха щытхъумрэ щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэмрэ ятепщIыхьмэ, Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ я къэкIуэнур дахэ зэрыхъунум шэч кьытетхьэркъым.

НЫБЭ Анзор.

ТхакIуэхэр я хьэщIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэр Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ Іуэхущ1апIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и колоние №3-м ис тутнакъхэм яхуэзащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщI **Кхъуэлуфэ Хьэчим**, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Елгъэр Кашиф**, журналист, тхакIуэ **Котляров Виктор** сымэ гъащIэм, езыхэм я лэжьыгъэм теухуауэ куэд жраIащ тутнакъхэм, иужьрейхэр зыщIэупщIахэм жэуап иратащ.

ГъэщIэгъуэн ящыхъуауэ ахэр едэIуащ Котляров Виктор и къэхутэныгъэ лэжьыгъэм теухуауэ жиIам. Абыхэм ящыщ зыщ Зеикъуэ къуажэм и Іэшэлъашэм Жэмыхъуэ Артур къыщигъуэта шахтэ-бгъуэнщIагъыр, ар къызэрыхъуам и щэхур къащIэн папщIэ иужь илъэситIым щIэныгъэлIхэр зыр адрейм иужь иту абы къызэрыкIуэм.

Бысымхэм гуапэ ящыхъуащ тхакIуэхэм ИК-3-м и библиотекэ гъэтIылъыгъэм я Іэдакъэщ1экI тхылъхэр зэрыхалъхьар.

Куэдым ущызыгъэгъуазэ, щIэныгъэм хэзыгъахъуэ апхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэ яIащ ягъэтIысахэр зыщIэгупсысыжыныныкIэ. Абы ахэр нэхъ гъунэгъу зэхуеущI, хабзэм ебакъуэу ялэжьхэм ирегъэгупсысыж, гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ ирегъэплъ, - къыхиугъэщащ ИК №3-м и унафэщIым и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник **Иуаз Аскэр**.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Жылагъуэ Іуэху

● Гулъытэ

Библиотекэр къощIэрэщIэж

Тхылъ еджэным цIыхубэм я гупэр хуегъэгъэзэжным теухуауэ Прохладнэ щIынальэм лэжьыгъэ хъарзынэ щокIуэкI.

УЧЕБНЭ жылагъуэм дэт библиотекэр лъэпэжьным къэнэжа щыIэтэкъым. Абы игъэгъавэрт къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Пшеничников Павел икIи тхылъ хъумапIэм и къэгъэщIэрэщIэжныир и пщэ дилъхьащ илъэс куэдкIэ сабий садым щылэжьа Картузовэ Ольгэ. Ар жылэм къызэрыщаIыхур сыт хуэдэ Іуэхури жэуаплныигъэ хэлъу зэрыгъэзых цIыху гумызагъэуц.

Библиотекэр щылажьэ пэшым щыщ хэлъыжтэкъым: унащхьэмрэ библиотекэм я къелъэлъэхат, пхъэ тхылъ телъхьэпIэхэр щыуэ хуежьат, зы пэш закъуэм тхылъхэр щIэбгъэззэгъэнри нэхъ тыныштэкъым.

Администрацэм абы иджыри пэщи 3 къахухигъэхьэжри, унэлъащIэ къызэращ1эхун аХъши къариташ. Іуэхум еввэлIа цIыхубзым библиотекэр зыхуей хуэгъэззэнымкIэ и унагъуэр щ1ыдэIэпыкъущ1 икIи зэман кIэщIым къриубыдэу тхылъ хъумапIэр зыхуеину псомкIи къызэрагъэпэщащ, жылэр зэхьэхьэри, библиотекэм и тхылъ гъэтIылъыгъэхэм къыхагъэхъуащ. Апхуэдэу зэкъуэту къызэрагъэпэщыжа Іэнатіэм иджыпсту яфIэфIу къокIуаIэ ныбжьыщIэхэри къуажэдэс нэхъыжьхэри.

ЗУБЕНКЭ Александр.

● Шыгъажэ

Саугъэт нэхъыщхьэр Сагданэ къехь

БлэкIа тхьэмахуэ махуэм Налшык ипподромым щекIуэкIащ хабзэ хъуа апэ, етIуанэ гуп саугъэтитхум, абы ОКС-ри хьэхьэу, шууейхэр щыщIэбэна шыгъажэшхуэ адрейхэм едIэкIри, саугъэтищри зыIэрагъэхьащ.

МЕТР 1200 гъэзугуанэм къыщыздзэжа, илъэситI ныбжь зи шыбзхэр Псыжьым и саугъэтым хуэпабгъэрт. И хьэрхуэрэгъуэхэм Іэмал гуэри кьахуимыгъанэу «Малка» шы заводым и шыгъажэш Зентэ псоми ятежащ. Ар Зентэ и ещанэ текIуэныгъэщ. Зыгъэсар Алокъуэ Аслъэнджерийщ, къэзыгъэжар шууей Шыкъ Астемырщ.

Урыху кьуажэм и щIыхькIэ саугъэтым къыщыздзэжащ текIуэныгъэ зэи зимыIа, илъэситI зи ныбжь хакIуэхэр. Метр 1400-рэ гъэзугуанэм екIуу зыкъыщигъэлъэгъуащ иджы етIуанэу шыгъажэм хэт (пщэрэжьэ Нартан (Сэкрэж Заур и шыгъажэш), секундищым нэблагъэкIэ ар Монополистым япэ ищри текIуащ. Ар къэзыгъэжар шууей Къэжэр Алимщ, зыгъэсар Бахъуэ Мухьэмэдщ.

Гранит-2 хакIуэм и щIыхькIэ (Лэскэн куейм и щIыхькIэ) ягъэуа етIуанэ гуп саугъэтым метр 1600-рэ гъэзугуанэм щызэхуишэсат ильэси 3 зи ныбжьу, нэхъыжьу хакIуэ 12. Саугъэтыр лъысащ Пятигорск ипподромым и Абсолют шыгъуэм, Франджым кьыщIалъхуам. Исмоилов А. и шыр кьыгъэжащ Кьашыргъэ Замир, зыгъэсар М. Карачиевырщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы саугъэтыр къэзыхьахэм ди шыгъажэхэм ящыщ яхэхуакъым.

Аушыджэр къуажэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым щIэбэну километритI гъэзугуанэм къыщызэдзжащ илъэсищ зи ныбжь хакIуэу 7. Нэхъыбэм я фIэщ хъурт Сэкрэж Заур и шыгъажэш Кан пщIэгъуэпльыр псоми зэрефIэкIынур икIи абы къыздащIхэр игъэщIэхъуакъым. Iэгуаузэшхуэр хуаIэтащ шыр зейм, ар зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыра Бахъуэ Мухьэмэд, ар къэзыгъэжа шууей Къэжэр Алим.

Ипподромым щызэхуэсахэр пэпльэрт «ОКС» саугъэтышхуэм теухуа шыгъажэм. Метр 2400-рэ гъэзугуанэр къапэщылът илъэсищ зи ныбжь хакIуэ 14-м. А зэпеуэ гуащIэм «Малка» шы заводым и Сагданэ пщIэгъэпльым саугъэтыр къыщыльысыну ягу къагъэкIыххэртэкъым. Нэхъ псынщIэу къажэрт Сагданэ и хьэрхуэрэгъу «ирландка» Хай Регардс. Кьыхэдгъэщынщи, ерыщу зизычэхэм я щIыбагъым зыщызыIэжьа Сагданэ, зи гуащIэр щIхуахэр къызэринэкIри, зыри зыпэмыпльа текIуэныгъэр зыIэрихъэкIащ. Ар къиугъэжащ шууей Шыкъ Астемыр, зыгъэ Замир, зыгъэсар М. Карачиевыр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ми саугъэтыр къэзыхьахэм ди шыгъажэхэм ящыщ яхэхуакъым.

Ипподромым щызэхуэсахэр пэпльэрт «ОКС» саугъэтышхуэм теухуа шыгъажэм. Метр 2400-рэ гъэзугуанэр къапэщылът илъэсищ зи ныбжь хакIуэ 14-м. А зэпеуэ гуащIэм «Малка» шы заводым и Сагданэ пщIэгъэпльым саугъэтыр къыщыльысыну ягу къагъэкIыххэртэкъым. Нэхъ псынщIэу къажэрт Сагданэ и хьэрхуэрэгъу «ирландка» Хай Регардс. Кьыхэдгъэщынщи, ерыщу зизычэхэм я щIыбагъым зыщызыIэжьа Сагданэ, зи гуащIэр щIхуахэр къызэринэкIри, зыри зыпэмыпльа текIуэныгъэр зыIэрихъэкIащ. Ар къиугъэжащ шууей Шыкъ Астемыр, зыгъэ Замир, зыгъэсар М. Карачиевыр.

Анилин хакIуэ цIэрыIуэм и саугъэтым щIэбэнащ илъэси 3 зи ныбжь хакIуи 5. КилометритI гъэзугуанэм япэ щищат «Налшык» хьэлэ заводым и Симеон пцIэгъуэплъыр. АращхьэкIэ, ар къызэринэкIщ, Симеон етIуанэ увыпIэр кьыхуигъанэри, «ирландец» Затойчи пцIэгъуэплъыр текIуащ. Ар «Малка» шы заводым и ещанэ саугъэтщ. Затойчи шыгъажэм хуигъэхьэзыращ Вэрокъуэ Вячеслав, къэзыгъэжар шууей Панжокъуэ Рустамщ.

Жокей-клубым и саугъэтым (Шэрэдж районым и щIыхькIэ ягъэувам) щIэбэнащ метр 2400 гъэзугуанэм къыщыздзэжа илъэсиплI зи ныбжь, нэхъыжьу хакIуэ 11-рэ зы шыбзрэ. А шыгъажэр иухри, текIуахэм я цIэр кьаIуэным цIыхухэр куэдрэ ежьащ. Судьяхэм ящIа унафэр гурыIуэгъуэтэкъым: Хьэмызымрэ Кьашыргъэмрэ зэуамысыжат шыгъажэ хабзэм зэрефIэкIащ. Ауэдэду щыщIыткIэ, апэ увыпIэр зылъысыпхъэр Джулатт («Налшык» хьэлвэ завод), ауэ етIуанэ увыпIэращ абыкъратар, Селим шыгъажэшыр трагъэкIуащ, Ройал Луи (ШэшэнРеспубликэ) - ещанэщ.

КъыкIэльыкIуэ шыгъажэр бадзэуэгъуэм и 19-м екIуэкIынущ.

УАРДЭ Женя.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Щыри къалъыхъуэрт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм зы жэщ-махуэм яубыдащ къалъыхъуэхэм ящыщу цIыхуищ.

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м ДПС-м и лэжьакIуэхэм Нарткъалэ къыщагъэувыIащ илъэс 28-рэ зи ныбжь псыгуэнсудэсым зэрригъакIуэ «ВАЗ-21074» автомашинэр.

Дэфтэрхэр къыщапщытэм, рулым дэсыр къралым къыщалъхьуэу къыщIэкIащ, хъунщIэну зыгуэрым зэрытеуамкIэ ягъэкъуанщэу. ЩIалэр яубыдащ.

А махуэ дыдэм нэгуэщI цIыхуитIи яубыдащ. Ахэр цIыхубзым лей зэрырихам щхьэкIэ къалъхьуэ налшыкдэсымрэ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям къыщыхьа щIэпхъаджагъэр (дыгъэ) зылэжьа, илъэс 26-рэ зи ныбжь Май къалэдэсымрэщ.

ПцIым зыхуишар

Щэджэм къалэм щыщ цIыхубзым Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм зыхуигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, 2013 гъэм и щыщхьэуIум «Iэминаткъ» зэджэ цIыхубзым, хьэпшыпхэр хуищэну кьыжриIэри, гъэпцIагъэкIэ сом мин 990-рэ и уасэ мылъку Іэщ1ихащ.

А ЩIЭПХЪАДЖАГЪЭР зылэжьар яубыдащ. Ар илъэс 52-рэ зи ныбжь щхьэлыкъуэдэсщ. Абы апхуэдэ дыдэу и кьуажэгъуэ кьыгъэпщIауэ, сом мини 130-рэ зыIэщIилъхьауэ кьыщIэкIащ.

ДыгъуакIуэхэм заумысыж

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ илъэс 24-рэ зи ныбжь къалэдэсымрэ илъэс 22-рэ хьу, нэхъапэм мызэ-мыгъэу суд зытращIыхьа. Джэрмэнышк къуажэм щыщ щIалэмрэ.

Яубыдахэм заумысыжащ бадзэуэгъуэм и 3-4 жэщым Налшык къалэм, Мэлбахъуэм и уэрамым тет кафем, гъущI жалюзихэр якъутэу зэрыщыIыхьар икIи зэрыщыдыгъуар. ХэщIыныгъэр сом 50 000 мэхъу.

Іуэхур зэхагъэкI.

Къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущ1апIэ.

● Псапащ1э Іуэхуэхэр

Школакіуэхэм папщIэ

«ЩIэныгъэм и махуэр - Новороссийск» псапащIэ акцэм хыхьэу, Іуэхутхьэбзэхэр зэуIуу щызэфIагъэкI Къэбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалэ центрым (Налшык къалэ, Захаровым и цIэр зезыхьэ уэрам, 66) Донецкрэ Луганскрэ я еджакIуэхэм папщIэ канцеляр хьэпшыпхэр, портфелхэр, тхылъхэр, зэрыджэгу стIолыщхьэ Іэмэпсымэхэр, спорт щыгъынхэр щыIахьи щIадзащ.

ЩJЭБЭТЫМРЭ тхьэмахуэмрэ кIищыкIэмыщIа, сихьэти 9-м къыщыщIэдзауэ 18 хъуху бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ лэжьэнущ щыIах пунктыр.

ЗыпызыщIэну хуейхэр 8-928-722-10-67 телефонымкIэ Карсаковэ Галинэ Алексей и пхъум фепсалъэ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апIэ.

Къуажэ гъащIэм зыхагъэгъуазэ

● ЩIэ

Щыщхьэуіум и 10-15-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым (Къарэ-Су къуажэм) щекIуэкIынущ «Горная школа молодых блогеров и журналистов Содружества» зэхьэхьэр. Урысейм иджы япэу къыщыхалъхьа а Іуэхум зэхуишэсынущ къэрал 20-м я хъыбарегъащIэ Іэнатіэхэм щылажьэ цIыхуи 100-м щIигъу.

ЗЭIУЩIЭМ хэтыныгэр махуитхукIэ къуажэм щыпсэунущ, щIынальэм исхэм я бзэм, хабзэм, щэнхабзэм зыщагъэгъуазэу. Абыхэм гъэщIагъэри ящыхъуэхэр Интернетым щаIэ напэкIуэцIхэм махуэ къэс къралъхьэнущ.

Журналистхэм мастер-классхэр, практикэ семинархэр ирагъэкIуэкIынущ, Къарэ-Су къуажэм теухуауэ дэтхэнэми тхыгъэ ирагъэгъэхъэзырынущ. А лэжьыгъэхэр иужькIэ хагъэхьэнущ жылэм и тхыдэмрэ гъащIэмрэ и лъабжьэу кьыдагъэкIыну тхылъым, апхуэдэуи ахэр «Википедия»-м иралъхьэнущ.

Зэхьхьэм и кIэухыу фэеплъ мывэ, абы хэтахэм я Іэкіэ ящыжауэ, ягъэувынущ. А Іуэхур и нэIэ щIэтщ Чыржын Тимур. «Фэеплъ мывэ гъэувын хуейуэ къыщIэтлъытар а щIыпIэм нэгуэщI ухуэныгъэ зэрыдэмытырщ. Дыз1эригугъэмкIэ, мы къуажэхэм ящыщ хабзэ хъунущ зыплъыхьакIуэхэм зыщагъэпэсэну хъунухэм», - жаIащ къызэгъэпэщакIуэхэм.

«Горная школа молодых блогеров и журналистов Содружества» зэхьхьэм хэтыну ирагъэблагъэ зи ныбжьыр илъэс 18-35-рэ хъуэхэр. Абы щхьэкIэ уи цIэ-унэцIэр, ущылажьэр зэрыт тхыгъэ бадзэуэгъуэм и 30 пщIондэ гъэхьэзырын хуейщ. УщцIэ зиIэхэр псалъэ хъунущ 8-903-494-11-44 телефон номерым.

Проектыр кьыззрагъэпэщ УФ-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Содружество» ММОО-мрэ Федерацэмкіэ Советыр, УФ-м Хамэ, къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министерствэр, «Россотрудничество»-р, ЩIалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ Іуэхущ1апIэр, СНГ-м и Гъэзэщ1акIуэ комитетымрэ абы хьыхь къэралхэмрэ ЩIалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ я советыр я дзIэпыкъуэгъуу.

● Жылагъуэ Іуэху

ТхакIуэхэр я хьэщIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэр Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ Іуэхущ1апIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и колоние №3-м ис тутнакъхэм яхуэзащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщI **Кхъуэлуфэ Хьэчим**, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Елгъэр Кашиф**, журналист, тхакIуэ **Котляров Виктор** сымэ гъащIэм, езыхэм я лэжьыгъэм теухуауэ куэд жраIащ тутнакъхэм, иужьрейхэр зыщIэупщIахэм жэуап иратащ.

ГъэщIэгъуэн ящыхъуауэ ахэр едэIуащ Котляров Виктор и къэхутэныгъэ лэжьыгъэм теухуауэ жиIам. Абыхэм ящыщ зыщ Зеикъуэ къуажэм и Іэшэлъашэм Жэмыхъуэ Артур къыщигъуэта шахтэ-бгъуэнщIагъыр, ар къызэрыхъуам и щэхур къащIэн папщIэ иужь илъэситIым щIэныгъэлIхэр зыр адрейм иужь иту абы къызэрыкIуэм.

Бысымхэм гуапэ ящыхъуащ тхакIуэхэм ИК-3-м и библиотекэ гъэтIылъыгъэм я Іэдакъэщ1экI тхылъхэр зэрыхалъхьар.

Куэдым ущызыгъэгъуазэ, щIэныгъэм хэзыгъахъуэ апхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэ яIащ ягъэтIысахэр зыщIэгупсысыжыныныкIэ. Абы ахэр нэхъ гъунэгъу зэхуеущI, хабзэм ебакъуэу ялэжьхэм ирегъэгупсысыж, гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ ирегъэплъ, - къыхиугъэщащ ИК №3-м и унафэщIым и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник **Иуаз Аскэр**.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Я къэкIуэнум фIыкIэ щогугъ

Израильым щыIэ Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ къуажэхэм щыпсэухэм я гукъыдэжым зыкъызыгъэIэт, я щхьэр лъагэу езыгъэлъагъуж Іуэхугъуэхэм ящыщщ заплъыхьыну къахуэкIуэхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъумрэ абы къыхэкIыуи къэралым и турист Іэнатіэм къыхуащI гулъытэм зэрыхэхъуамрэ.

ЦIыхухэм зэхэзекIуэну хуитыныгъэ нэхъыбэ яIэ зэрыхъуар, лъэпкъ цIыкIуэхэм я зэхэщIыкIым зэрызиужьыр, абыхэм я щэнхабзэмрэ я тхыдэмрэ зыхэзыгъэгъуэзэну хуейхэр куэду зэрыщыIэр мы къуажэхэм дэсхэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, къалъытэри, «этнотуризм» хьэрычэт Іуэху гъэпсыкIэм иужьрей зэманым хуабжьу зратащ. Абыхэм я къуажэхэм къыщыззэрагъэпэщ пшыхьхэм туристхэм я нэгу зыщгаръужь, адыгэхэм я щэнхабзэмрэ я тхыдэмрэ къызыхэщ теплъэгъуэхэр щагъэлъагъуэ, а псоми къадэкIуэу, ахъшэ хъарзыни кьалэжь.

Мы къуажэхэм кIуэ пэтми нэхъыбэ щохъу лъахэджлъахэхутэ музейхэр, лъэпкъ щхьныгъуэхэр щапщэфI шхапIэхэр, цIыхум зэрыхуэупсэ хьэпшып цIыкIуфэкIуэхэр щащэ тыкуэнхэр, хьэщIэщ мыинхэр. Псом хуэмыдэжу, къахуэкIуэхэр нэхъ дзэзыхьхыр езыхэр зыхаIшэ, концертым ещхьу къызэрагъэпэщ нэгузыжь теплъэгъуэхэрщ.

- Адыгэ жылэхэм турист нэхъыбэ къызэретшэлIэным яужь дитщ, - жеIэ зэгъунэгъу къуажитIым этнотуризмэм зыщегъэужьныныкIэ жэрдэмщIакIуэ нэхъ пажэхэм ящыщ, Рихьэние дэс Хьун Шэужьуий, - Іуэху зехьэкIэщIэм ди цIыхухэм я псэукIэр зэрыригъэфIэкIуэнум, езы къуажэхэми зэрызригъэужьныным шэч кьытетхьэркъым. Лэжьыгъэр тэмэму зэтедублэмэ, къэралым и турист екIуэлIапIэ нэхъыфIхэми дапеуэфыну ди гугъэщ.

Израильым щыпсэу адыгэхэр щэнхабзэм ехьэлIауэ жылагъуэм къыщаIэт зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ зэрыхэтрэ куэд щIащ. Къалащхьэм иджыблагъэ щекIуэкIа «Тель-Авив туризм Экспо» къэрал зэхуакуэ гъэлъэгъуэныгъэм Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ къуажэхэм туризмэм ехьэлIа я продукцэр щыпхагъэкIащ. А Іуэхугъуэм кърихьлIахэм, псом хуэмыдэжу экскурсионнэ фирмэхэм я унафэщIхэмрэ я лIыкIуэхэмрэ, икъукIэ щIэщыгъуэ ящыхъуащ «Іуащхьэмахуэ» къэфакIуэ гуп цIэрыIуэм и зыкъэгъэлъэгъуэкIэр. Лъэпкъ фащэхэр къызыщылыдыкI щIалэхэмрэ пащащхэмрэ къызэхуэсахэм адыгэ джэгу хуэзхашащ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр Іуагъэхуащ.

Тель-Авив щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм щызэхаха щытхъумрэ щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэмрэ ятепщIыхьмэ, Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ я къэкIуэнур дахэ зэрыхъунум шэч кьытетхьэркъым.

НЫБЭ Анзор.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Щыри къалъыхъуэрт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм зы жэщ-махуэм яубыдащ къалъыхъуэхэм ящыщу цIыхуищ.

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м ДПС-м и лэжьакIуэхэм Нарткъалэ къыщагъэувыIащ илъэс 28-рэ зи ныбжь псыгуэнсудэсым зэрригъакIуэ «ВАЗ-21074» автомашинэр.

Дэфтэрхэр къыщапщытэм, рулым дэсыр къралым къыщалъхьуэу къыщIэкIащ, хъунщIэну зыгуэрым зэрытеуамкIэ ягъэкъуанщэу. ЩIалэр яубыдащ.

А махуэ дыдэм нэгуэщI цIыхуитIи яубыдащ. Ахэр цIыхубзым лей зэрырихам щхьэкIэ къалъхьуэ налшыкдэсымрэ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям къыщыхьа щIэпхъаджагъэр (дыгъэ) зылэжьа, илъэс 26-рэ зи ныбжь Май къалэдэсымрэщ.

ПцIым зыхуишар

Щэджэм къалэм щыщ цIыхубзым Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм зыхуигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, 2013 гъэм и щыщхьэуIум «Iэминаткъ» зэджэ цIыхубзым, хьэпшыпхэр хуищэну кьыжриIэри, гъэпцIагъэкIэ сом мин 990-рэ и уасэ мылъку Іэщ1ихащ.

А ЩIЭПХЪАДЖАГЪЭР зылэжьар яубыдащ. Ар илъэс 52-рэ зи ныбжь щхьэлыкъуэдэсщ. Абы апхуэдэ дыдэу и кьуажэгъуэ кьыгъэпщIауэ, сом мини 130-рэ зыIэщIилъхьауэ кьыщIэкIащ.

ДыгъуакIуэхэм заумысыж

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ илъэс 24-рэ зи ныбжь къалэдэсымрэ илъэс 22-рэ хьу, нэхъапэм мызэ-мыгъэу суд зытращIыхьа. Джэрмэнышк къуажэм щыщ щIалэмрэ.

Яубыдахэм заумысыжащ бадзэуэгъуэм и 3-4 жэщым Налшык къалэм, Мэлбахъуэм и уэрамым тет кафем, гъущI жалюзихэр якъутэу зэрыщыIыхьар икIи зэрыщыдыгъуар. ХэщIыныгъэр сом 50 000 мэхъу.

Іуэхур зэхагъэкI.

Къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущ1апIэ.

● Гулъытэ

Библиотекэр къощIэрэщIэж

Тхылъ еджэным цIыхубэм я гупэр хуегъэгъэзэжным теухуауэ Прохладнэ щIынальэм лэжьыгъэ хъарзынэ щокIуэкI.

УЧЕБНЭ жылагъуэм дэт библиотекэр лъэпэжьным къэнэжа щыIэтэкъым. Абы игъэгъавэрт къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Пшеничников Павел икIи тхылъ хъумапIэм и къэгъэщIэрэщIэжныир и пщэ дилъхьащ илъэс куэдкIэ сабий садым щылэжьа Картузовэ Ольгэ. Ар жылэм къызэрыщаIыхур сыт хуэдэ Іуэхури жэуаплныигъэ хэлъу зэрыгъэзых цIыху гумызагъэуц.

Библиотекэр щылажьэ пэшым щыщ хэлъыжтэкъым: унащхьэмрэ библиотекэм я къелъэлъэхат, пхъэ тхылъ телъхьэпIэхэр щыуэ хуежьат, зы пэш закъуэм тхылъхэр щIэбгъэззэгъэнри нэхъ тыныштэкъым.

Администрацэм абы иджыри пэщи 3 къахухигъэхьэжри, унэлъащIэ къызэращ1эхун аХъши къариташ. Іуэхум еввэлIа цIыхубзым библиотекэр зыхуей хуэгъэззэнымкIэ и унагъуэр щ1ыдэIэпыкъущ1 икIи зэман кIэщIым къриубыдэу тхылъ хъумапIэр зыхуеину псомкIи къызэрагъэпэщащ, жылэр зэхьэхьэри, библиотекэм и тхылъ гъэтIылъыгъэхэм къыхагъэхъуащ. Апхуэдэу зэкъуэту къызэрагъэпэщыжа Іэнатіэм иджыпсту яфIэфIу къокIуаIэ ныбжьыщIэхэри къуажэдэс нэхъыжьхэри.

ЗУБЕНКЭ Александр.

● Шыгъажэ

Саугъэт нэхъыщхьэр Сагданэ къехь

Блэкіа тхьэмахуэ махуэм Налшык ипподромым щекIуэкIащ хабзэ хъуа апэ, етIуанэ гуп саугъэтитхум, абы ОКС-ри хьэхьэу, шууейхэр щыщIэбэна шыгъажэшхуэ адрейхэм едIэкIри, саугъэтищри зыIэрагъэхьащ.

МЕТР 1200 гъэзугуанэм къыщыздзэжа, илъэситI ныбжь зи шыбзхэр Псыжьым и саугъэтым хуэпабгъэрт. И хьэрхуэрэгъуэхэм Іэмал гуэри кьахуимыгъанэу «Малка» шы заводым и шыгъажэш Зентэ псоми ятежащ. Ар Зентэ и ещанэ текIуэныгъэщ. Зыгъэсар Алокъуэ Аслъэнджерийщ, къэзыгъэжар шууей Шыкъ Астемырщ.

Урыху кьуажэм и щIыхькIэ саугъэтым къыщыздзэжащ текIуэныгъэ зэи зимыIа, илъэситI зи ныбжь хакIуэхэр. Метр 1400-рэ гъэзугуанэм екIуу зыкъыщигъэлъэгъуащ иджы етIуанэу шыгъажэм хэт (пщэрэжьэ Нартан (Сэкрэж Заур и шыгъажэш), секундищым нэблагъэкIэ ар Монополистым япэ ищри текIуащ. Ар къэзыгъэжар шууей Къэжэр Алимщ, зыгъэсар Бахъуэ Мухьэмэдщ.

Гранит-2 хакIуэм и щIыхькIэ (Лэскэн куейм и щIыхькIэ) ягъэува етIуанэ гуп саугъэтым метр 1600-рэ гъэзугуанэм щызэхуишэсат ильэси 3 зи ныбжьу, нэхъыжьу хакIуэ 12. Саугъэтыр лъысащ Пятигорск ипподромым и Абсолют шыгъуэм, Франджым кьыщIалъхуам. Исмоилов А. и шыр кьыгъэжащ Кьашыргъэ Замир, зыгъэсар М. Карачиевырщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ми саугъэтыр къэзыхьахэм ди шыгъажэхэм ящыщ яхэхуакъым.

Аушыджэр къуажэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым щIэбэну километритI гъэзугуанэм къыщызэдзжащ илъэсищ зи ныбжь хакIуэу 7. Нэхъыбэм я фIэщ хъурт Сэкрэж Заур и шыгъажэш Кан пщIэгъуэпльыр псоми зэрефIэкIынур икIи абы къыздащIхэр игъэщIэхъуакъым. Iэгуаузэшхуэр хуаIэтащ шыр зейм, ар зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыра Бахъуэ Мухьэмэд, ар къэзыгъэжа шууей Къэжэр Алим.

Ипподромым щызэхуэсахэр пэпльэрт «ОКС» саугъэтышхуэм теухуа шыгъажэм. Метр 2400-рэ гъэзугуанэр къапэщылът илъэсищ зи ныбжь хакIуэ 14-м. А зэпеуэ гуащIэм «Малка» шы заводым и Сагданэ пщIэгъэпльым саугъэтыр къыщыльысыну ягу къагъэкIыххэртэкъым. Нэхъ псынщIэу къажэрт Сагданэ и хьэрхуэрэгъу «ирландка» Хай Регардс. Кьыхэдгъэщынщи, ерыщу зизычэхэм я щIыбагъым зыщызыIэжьа Сагданэ, зи